## ЦАРДВÆНДАГ ХУÆРЗÆМБÆЛÆГ ДÆР ЗОНУЙ ÆМА ФУДÆМБÆЛÆГ ДÆР!..



*БЕСАТИ Тазе (1910-1981), финсæг: «Адæймагæн æ базуртæ, æ къабæзтæ айдагъ е 'нсувæртæ нæ 'нцæ – адæм сæ еугур дæр ин æнцæ: ка 'й фæууарзуй æма æхуæдæг ке уарзуй, хуарзæй æй ка фæннимайуй æма æхуæдæг дæр ке фæннимайуй... Уарзон æма хæларæй ке хæццæ цæрай, етæ дин – тогхæстæг, æнсувæр дæр æма лимæн дæр!..»*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№16 (1032) 2026 анзи 30 апрел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## РÆСТБÆЛ ДЗОРÆГ АДÆЙМАГИ МА РÆСТМÆГЪУДИГÆНÆГ ÆМДЗÆУИНТÆ ГЪÆУЙ!..

# КÆМИ НИН ДÆ, НÆ КЕРМЕН, КÆМИ?..



Аци коллаж исаразунæн пайдагонд æрцудæй ХАЙТИ Ибрагими конд скульптурæ «Кермен»-æй æма социалон хизæгтæй ист къарæй.

Иристони хестæрæй-кæстæрæй Тлаттати Кермени ка нæ зонуй, уæхæн, æвæдзи, нæ разиндзæнæй. Адæм ибæл ци берæ зартæ æма таурæхътæ исфæлдистонцæ, уонæй æй зонæн, куд мæгур фæллойнæгæнæг дзилли сæрбæлдзорæг, сæ барти фæдбæл æдæрсгæ тохгæнæг... Фал... Нæ рагфидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Хуæрзгæнæг хуарз нæ еруй...» Керменæн багъæуаги ба æхе багъæуайгæнæг нæ фæцæй... Адæм сæмæ фæххæран уодзæнæнцæ, зæгъгæ, уомæй нæ тæрсгæй, сæ цъаммар миуæ бакодтонцæ, æ бабун кæнунмæ ка бæлдтæй, æ еци тогмондаг æзнæгтæ. Адæм Кермени фæсмæрдæ ма бæргæ балæдæрдтæнцæ, е син ци адтæй æма цæмæй фенæхай æнцæ...

Бæргæ ма фæсмонтæ кодтонцæ. Номдзуд таурæхъгæнæг Санати Уарий (1884-1968) уацау «Кермен»-æн Цæгат Иристони адæмон поэт Плити Грис ци раздзурд ниффинста, уоми уотæ имиста: «Уæхæн хабар кодтонцæ Хъобани зæрæндтæ: Хазби (нæ адæми сæребари сæрбæлтау æхсаргин тохгæнæг. – Ред.) æ минкъий къуари хæццæ æ фæстаг хъазауат тохи ку бацудæй инæлар Абхазови æфсади нихмæ, æ тæккæ зиндæр уавæри ку бахаудтæй, уæд е 'мбæлттæй кадæр уотæ нигъгъæр кодта: «Гъæйтт, Кермен, дæу ку мардтан, уæд нæхуæдтæ дæр ку фесавдайанæ! Нур нин ду ку уайсæ, уæд уотæ æгудзæг уавæри нæ бахаудтайанæ...»

Абони нæ газети (5-6-аг фæрстæбæл) мухур кæнæн Санати Уарий уацау «Кермен». Уой дæр уомæ гæсгæ, æма абониккон цардарæзти æзнæтдзийнæдти нæ бæргæ æхсицгонæй гъæуй номдзуд Кермени хузæн лæгтæ, кæцитæ адæмæн исуиуонцæ сæрбонстæ. Æцæг, æгириддæр нæ некæми гъæунцæ аллихузон хилæкъахгутæ æма нæ цардиуагæ æзмæнтгутæ, гъæунцæ нæ дзилли сæхе зунд æма рауонциуондзийнадæй архайунмæ разæнгардгæнæг раздзæугутæ... Гъе уомæ гæсгæ 'й нæ загъд дæр: «Кæми нин дæ, нæ Кермен, кæми?..»

## ХÆМИЦАТИ МОРИС: МÆ ЗÆРДТАГОН ИМИСУЙНÆГТÆ, МÆ АБОНИ САГЪÆСТÆ...

# ЦИЙНÆН ДÆР БÆЛВУРД РÆУАГÆ ГЪÆУЙ...



Фиццаг Майи бæрæгбони хуæдразмæ мæ уой зæгъун фæндуй, æма советон доги рæстæгути нæ бæрæгбæнттæ адæмæн, кæд берæ цæмæйдæрти нæхъæртондзийнæдтæ æййафтонцæ, уæддæр цæйбæрцæбæл æгæрон æхцæуæн адтæнцæ æма сæбæл куд рæстзæрдæй бацийнæ кæниуонцæ.

*Æрцæуй æгас, нæ Май!*
*Æрхастай нæмæ амонд.*

*Дæ цъæх фæлустæй, кæсай,*
*Æййевуй дуйне æ конд.*

*Æрттевуй и хор хиццаг,*
*Æнæвгъау дæттуй æ гъар;*
*Сæдæ хъуремæй, цъæхснаг,*
*Игъусуй мæргътæн сæ зар.*

*Азæлуй нæ зар изол,*
*Нæ цийнæн нæййес кæрон:*
*Дæрæнгонд фæцæй фудгол,*
*Уæлахез фæцан бунтон!*

*Æрцæуй æгас, нæ Май!*
*Устур æй махæн н 'амонд.*
*Игъæлдзæг махау нур ка 'й?*
*Исистан нæ зар бæрзонд.*

Уотæ е 'мдзæвгитæй еуеми финста нæ зундгонд поэт Кертанти Тæхир...

4

## АРФÆ КÆНÆН!..



## «БОЗ ÆМА СÆРУСТУР АН НÆ УАРЗОН АХУРГÆНÆГÆЙ!..»

Уотæ сæрустурæй фæззæгъунцæ сæ фиццаг ахургæнæг **Дзирати-Золойти Романи кизгæ Зойæй** æ раздæри ахурдзаутæ. Æма е хумæтæги нæй – сæ фиццаг ахургæнæг адтæй, уой æновуд ауодундзийнади фæрци разæнгардæй фæррæствæндаг æнцæ сæ ирисхъи нæдтæбæл, ци зонундзийнæдтæ æма рæвдудæй сæ фæххайгин кодта, уомæй си боз угæй архайдтонцæ æма архайунцæ, цæмæй си е дæр боз уа сæ цардвæндаги хабæрттæй.

Уæлдай зæрдиагæй ба сæ уарзон гъомбæлгæнæгæн арфитæ кæнунцæ аци бæнтти. Уомæн ба цийнаг рæуагæ дæр ес – Цæгат Иристони æскъуæлхт ахургæнæг Дзирати-Золойти Романи кизгæ Зойæн æ юбилейи фæдбæл. Сæ арфи зæгъуйнæгтæ син мухур кæнæн 4-аг фарсбæл.

## АДÆМИ ГЪУДИТÆ



## КА НИ, ЦУМА, КУД АМОНДГУН ÆЙ...

Уотæ æнгъæл дæн, æма алли рæстæгути дæр адæм алцæй разæй дæр бæлдтæнцæ амондмæ. Нæ исонибон ба нин никки амондгундæр уæд, зæгъгæ, хумæтæги нæ ковиуонцæ. Нури доги хъæбæр берæ ка иссæй, еци социологон æрфæрститæн дæр сæ фулдæр амонди туххæй фæуунцæ. Раст зæгъгæй, уæхæн æрфæрститæ уоййасæбæл цæстиварди 'нцæ: цума адæймагæн æ хæдзарæ бунисæфт кæнуй, кадæр ба 'й, уой фæдбæл ци зæгъдзæнæ, зæгъгæ, хинцфарст кæнуй, уой хузæн æнцæ.

Фал си уæддæр еуей бæрæггæнæнти кой ба ракæнон – уой дæр уомæ гæсгæ æма баст æнцæ нæ абони дзубандий фарстай – амонди хæццæ.

2

*Виссарион БЕЛИНСКИЙ (1811-1848), номдзуд литературон критик: «Хецæн адæмти æма еугур адæмти царди дæр еумæйагæй фæууй æнамонд рæстæгутæ. Уæд æнæгъæнæ фæлтæртæ нивондæн хаст æрцæунцæ фæстæдæри фæлтæртæн... Фуддогæ райевгъуйуй, æма лæгъуздзийнæдтæй райгурæй хуарздзийнадæ...»*

## РÆСТÆГÆН Æ ГÆНÆНТÆЙ ПАЙДА УÆД ЕС, ÆМА СИ АФОЙНАДÆБÆЛ ПАЙДА КУ КÆНАЙ...



# ЦИЙНÆН ДÆР БÆЛВУРД РÆУАГÆ ГЪÆУЙ...

Финста 1945 анзи. Кæд æма фæстугъд хъæбæр зин æма тухст рæстæг адтæй, уæддæр адæм зæрдрохсæй бæлдтæнцæ сæ исонибони хуæздæрмæ, æновудæй архайдтонцæ æ сæрбæлтау. Советон доги цæргæ кæмæн нæ рауадæй, уонæй кадæртæ аци æмдзæвгæ бакæсгæй, æвæдзи, бангъæлдзæнæнцæ, гъома, еци зæгъдтитæ уотид рæсугъдæн æнцæ. Уонæн мæ бон зæгъун æй: баруагæс уи уæд, æцæгæйдæр уотæ цийнаг адтæй нæ дзиллæн Фиццаг Май. Уомæн æвдесæн дæн æз мæхуæдæг дæр.

### ЗÆРДÆХЦÆУÆН НИН АДТÆНЦÆ НÆ БÆРÆГБÆНТТÆ

Майи бæрæгбæнттæй хъæбæрдæр зæрдæбæл ци 'рлæууй? Фиццаги-фиццагидæр, уæд сæмæ хъæбæр зæрдиагæй æнгъæлмæ кæсианæ, се 'рбахъæртун нин куд æхцæуæн уидæ, куд сæбæл цийнæ кæнианæ, е. Æвæдзи, уалдзæгæн æ тæккæ тæмæнмæ ке хаудтæнцæ, æрдзæн æ рæсугъддæр, зæрдесгæдæр усми сæ ке бæрæг кæнианæ, уомæ гæсгæ дæр.

Уæдта æримисун, мах, скъоладзаутæ, нæуæгдзаутæ (пионертæ) Фиццаг Майи кадæн устур арт куд искæнианæ, уой. Мæ райгурæн гъæу Толдзгуни нигуллæнæрдигæй ес Къум, зæгъæ, уæхæн æрдзи рæсугъд, удæнцойнæ бунат. Цъæх-цъæхид зæлдæ, бæлæстæ, къотæртæ... Уордæмæ, цит, скъолайæй рандæуианæ нæ ахургæнæг Будайти Аламати хæццæ (рохсаг уæд, дзенети бадæд... æ куст дæр берæ уарзта, уæдта сувæллæнтти дæр, æма ибæл мах дæр уотæ æхцул адтан...

Гъема уоми, Къуми, гъæдæй бæрзонд къулдунмæ æрæмбурд кæнианæ хускъæ пихситæ, æвæдзи, еу цалдæр метри бæрзæндæн исиуонцæ. Уæдта сæбæл бандзарианæ, арти алфамбулай ба мах цийнæ кодтан – кафгæ, заргæ, гъазгæ. Аламат ба нин, цит, нæ къартæ есидæ...

Уомæй уæлдай ма ахид нæ гъæуæй районмæ, Чиколамæ, рандæуиуонцæ хехъæппæресадон къуæртти архайгутæ, бæхгинтæ, уоми уидæ концерт, уæдта бæхгинти догъ, еристæ, уæлахездзаутæн ба раттиуонцæ лæвæрттæ.

Кенæ ба 9 Май... Куд дзæбæх, хуæрзарæзт æма цийнæхуз уидæ сæ бакаст нæ фæллонгун, нæ хъиамæтгун, æскъуæлхт хестæртæн, куд æрттевиуонцæ си алке реубæл дæр сæ тугъдон æма фæллойнадон хуæрзеугутæ, куд дессаги имисуйнæгтæ нин дзориуонцæ...

Майи бæрæгбæнтти ефстаг хаттæй фæстæмæ, дзæбæх, хоргун рæстæг уидæ. Уæлдайдæр 9 Майи, нæ зонун, цæмæн, фал мæмæ уотæ кæсидæ, æма Исфæлдесæг дæр, цума, еци лæварæй имисидæ, дуйней хуæрзагади сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, уони рохс нæмттæ, цума кадæ кæнидæ, Фидибæстæ ка багъæуай удта, еци бæгъатæртæн.

Фиццаг Май советон доги хундтæй фæллойнæгæнгути æмуоддзийнади дуйнеуон бон, нур ин æндæр ном ес – Уалдзæг æма Фæллойни Бон. Æндæр хузи æвдист цæуй æ медес дæр.

Раздæри, советон доги хумæтæг адæмæн хуарздзийнадæй, нифсдæттæгæй, удæнцойнæй цидæр адтæй, етæ федуйгæ цæунцæ. Байстонцæ нин нæ абони царди хецæуттæ еци удварни хæзнатæ. Айдагъдæр нин еу цийес байсун нæй æма нæ бауодзæнæй сæ бон – аргъауи хузæн ци æнæмæтæ, æнæмаст, æнæхæлхъой доги цардан, уой тухххæй имисуйнæгтæ.

Уомæн æма хъæбæр арф, хъæбæр федар римæхст æнцæ нæ зæрдити. Уой фæдбæл ма мæнмæ ес еу зæгъуйнаг. Кæд нуртæккæ Фиццаг Майи бæрæгбон Уалдзæг æма Фæллойни Бон хундæуй, уæд, баруагæс уи уæд, уалдзæгæн цидæр бæрæгбон ахсгиаг нæй – ес æви нæйес, уæд ралæудзæнæй, адæмæн цийнæ уодзæнæй. Æндæр хабар æй фæллойни гъуддаг. Уой цитгин кæнун, уæлдайдæр ба фæллойнæгæнæгти хъиамæтæн аккаг кадæ кæнун æхсæнади сæйраг ихæстæн сæ сæйрагдæртæй æй. Цидæр адтæй, уæддæр советон цардарæзти уомæ зингæ æргом здæхт цудæй, уæлдайдæр ба уомæ, цæмæй адæмæн косуни равгитæ адтайдæ, цæмæй сæ фæллойнæй сæхе дæр дарунгъон адтайуонцæ... Нури доги ба еци табуйаг гъуддагæй паддзахадæ æхе исæнæихæс кодта, гъома, ка уи куд арæхсуй, уомæ амæлттæ кæнетæ. Æма уомæй есбонадæй хай ратонуни равгитæ кæмæн исаразта, етæ сæхе пайдайæн æгæр дæр амал кæнунгъон бæргæ исæнцæ, уæхæн рагвитæй ке фенæхай кодта, етæ ба тухамæлттæ кæнунцæ.

Æз æй уотæ æнгъæлун, æма паддзахади медæгæ цардарæзти цийфæнди хузи фæткæ ку цæуа федаргонд, уæддæр си фиццагидæр уа адæймагæн æ равгитæмæ гæсгæ аккаг кустæй архайунæн. Æма бабæй куд нæ æримисон советон догæй еума хабар.

### АДÆЙМАГÆН КУСТИ РАВГИТÆ КУ УА, УÆД ИН АЛЦИДÆР БАНТÆСДЗÆНÆЙ

Иристони гъæутæй рагондæр æма устурдæртæй еуебæл нимад æй Ирæфи райони Лескени гъæу. Æ равзурнæй нурмæ ибæл рацудæй 160 анземæй фулдæр. Рагæйдæр си цардæнцæ кустуарзагæ, æгъдаубæл хуæст адæм, æ фæсевæд бæлдтæнцæ ахуради бæрзæндтæмæ, сæ хуарзи кой райгъустæй æхсæнадон царди алли къабæзти æнтæстгин архайдæй, иссæнцæ сæ гъæубæстæн, сæ муггагæн, нæ паддзахадæн гъæугæ адæм.

Советон доги Лескени цæргутæн сæ цардиуагæ гъæздугæй-гъæздугдæр кодта. Гъæукæгтæн сæ фулдæр хъазауатонæй фæллойнæ кодтонцæ Ленинон фæскомцæдеси номбæл бунæттон совхози – шофиртæй, механизатортæй, фонсдаргутæй, рæзикустгæнгутæй. Хæдзаради еумæйаг къæбецмæ æ агъаззаг хай хаста рæзæнæмарæн цех дæр. 1979 анзи ба партий Ирæфи райкоми хъæппæресæй Лескени байгон æй Алагири сопротивленити заводи устур цех. Уомæн æ продукци æрвистонцæ уæди агъазиау Цæдеси алли кæрæнттæмæ. Цехи кусти бунæттæ адтæй айдагъ лескейнæгтæн нæ, фал синхаг гъæутæ Толдзгун æма Хæзнидони цæргутæн дæр. Куста си æдеугурæй 150 адæймагемæй фулдæр.

Цех æ сæрмагонд продукци уадзуни къабази нимад адтæй раззагдæртæй еуебæл. Куст си цудæй дууæ кезуемæй.

Кустуати цехи фиццаг сæргълæууæг адтæй Саукуйти Таймораз, фæстæдæр æй райййивта Хоцаонти Славик. Технологи ихæстæ æнхæст кодта Дзоблати Анатоли, сæйраг электрикæй ба си куста Тайсаути Анзор. Дæсни слесæртæ – Хъодзасти Хъодзас æма Æрсити Арсен афойнадæбæл æма хузæнонæй цалцæг кодтонцæ цехи механизмтæ æма косæнгæрзтæ. Контролертæ Дашити Розæ æма Дрети Лерæн ба бабарæ кодтонцæ хуæрзгъæдæдзийнадæмæ цæстæ дарун. Етæ, уæдта цехи иннæ специалисттæ сæ ихæстæ æнхæст кæнунмæ дардтонцæ бæрнон цæстингас, архайдтонцæ еудадзугдæр коллективи медæгæ кустадон æгъдау федар кæнунбæл. Еци æнзти кустадон фæткæмæ гæсгæ, алли завод, алли фабрикæ æма цехи дæр рапарахат æй хуæздæр бæрæггæнæнтæ равдесунбæл ерис. Аци цехи раззагдæртæбæл нимад адтæнцæ Дæгуйти Аллæ, Цъебойти Гасан, Хидирти Муса, уони фæллойнадон æнтæститæ бафæнзунмæ бæлдтæнцæ сæ иннæ æмбæлттæ дæр. Фæлхасæнгæнгутæн ке æрвистонцæ, еци продукци фæстæмæ цехмæ некæд раздахтонцæ, нæ бæззуй, зæгъгæ, уой фудæй.

Цехи коллектив кустæй уæгъдæ рæстæг цæстуарзонæй агъаз кодта бунæттон зæнхкосгутæн – Ленини фæскомцæдеси номбæл совхози фæллойнæгæнгутæн, ахид цудæнцæ сæ хæццæ будурти тиллæг æфснайунмæ. Устур æхцæуæнæй фемисунцæ еци æнзтæ цехи кæддæри косгутæ.

«Райарæзт»-и догæ ку ралæудтæй, уæд ма рацудæй цалдæр анзи, æма цех исæхгæдтонцæ, дæсгай адæймæгутæ æгустæй райзадæнцæ. Хуæздæр нæ рауадæнцæ бунæттон совхози гъуддæгутæ дæр, уомæн дæр ма байзадæй айдагъдæр æ кой, уотæ – рæзæнæмарæн цехæн дæр.

Раст зæгъгæй, æхцæуæн æй е, æма абони сагъæссаг уавæрти дæр Лескени цæргутæн сæ раунциуондзийнадæ нæ нидæн кæнуй, сæ лæгдзийнади фæрци сæ царди хабæрттæ кæнунцæ, кæмæдæр цæмæдæр æнгъæлмæ нæ кæсгæй, фал кæмæн æ фадуат æма гæнæнттæ куд амонунцæ, уотæ агорунцæ царди фæрæзнитæ. Фал уæддæр сæ нифс нæ расастæй, архайунцæ, гъомбæл кæнунцæ кæстæрти, идарддæр хæссунцæ фидтæлти æгъдæуттæ æма бæллунцæ хуæздæр исонибонмæ. Æма син нæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй уой райдзастæй фæхххайгин уонцæ.

**ХÆМИЦАТИ Морис**

## АДÆМИ ГЪУДИТÆ

### КА НИ, ЦУМА, КУД АМОНДГУН ÆЙ...

Цæветтонгæ, дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг агентадтæй еу еци æрфарст ци уæрæсейæгти 'хсæн исаразта, уонæй ракурдта, цæмæй фондзбаллон фæткæй пайда кæнгæй, исаргъ кæнонцæ, цæйбæрцæбæл амондгун æнцæ, уомæн. Æма бафарст адæмæн сæ 17 проценти сæ амонддзийнадæн исаккаг кодтонцæ «5».

Бафарсти архайгутæн сæ 11 проценти сæ уавæрæн аргъ кæнунцæ, сæхе æнкъарунцæ «2» баллемæй, «1» баллæй ба айдагъдæр 8 проценти. Ци гъæуй адæми амондгун исунæн, зæгъгæ, фарсти фæдбæл 61 проценти нимайунцæ, мизд син фæффулдæр кæнун, 49 процентти ба – се 'нæнездзийнадæ.

Бийнонти хæзнатæ ахсгиаг æнцæ 30 процентемæн, фæндуй сæ фулдæр рæстæг бийнонти хæццæ æрветун. Сæ уарзондæр архайди хæццæ амонд уинунцæ 28 проценти, сæ дæснийади хуæздæрбæл нимад æрцæуни ба – 27 проценти. Æмбæлтти хæццæ фембæлдтитæ исамондгун кæниуонцæ 26 проценти, кусти бунати уæлдæр исхезун ба – 24 проценти.

Мадта федералон портал «Мир квартир» ба ци аналитикон хатдзæгтæ искодта, уонæмæ гæсгæ Цæгат Иристони цæргути, зæгъæн, хæдзарæ балхæунмæ фæрæзнитæ бамбурд кæнунæн багъæудзæнæй 15 анзи, æфстæуттæ ескæмæй нæ есгæй. Гъæуама æ аллимæйон мизд ба уа 46 мин соми, хæдзари аргъ ба специалисттæ банимадтонцæ, куд 8,3 миллион соми. Æ мизд æнæгъæнæй гъæуама лæвæрд цæуа аци нисанæн (цума 'й хуæрун, цæуæт дарун, дзаумау, дзабуртæ æлхæнун, зианмæ, цийнæмæ цæун дæр æма æндæр æнæмæнгæ кæнуйнаг хæрзтæ нæ гъæуй, уой хузæн).

Еугуремæй фулдæр æхца æмбурд кæнун багъæудзæнæй Дагестани цæргути, æмгъуд æй 26,3 анзи, Мæхъæли – 26,6 анзи, Цæцæни – 23,4 анзи, Кæсæг-Балхъари – 15,6 анзи, Хъæрæсе-Черкесси – 15,5 анзи.

Цума циуавæр рæуагитæ рартастонцæ аналитиктæ? Ниллæг мизд Цæгат Кавкази федералон зилди æма хæдзæртти бæрзонд аргъ? Уотемæй мах амондгунти хигъди дæр куд гъæуама уæн... Уæхæн фарста ма фæззиннуй, нæ абони царди уавæрти нæ куд тухсун кæнунцæ æргъти æма аллихузон фæддонти еудадзуг ирæзт. Уой фæдбæл æрмæг ба кæсетæ 7-8-аг фæрстæбæл.

Устур Фидибæстон тугъди æхсаргин архайæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Бзарти Николайи фурт Геуæргий райгурдбæл 1 майи æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1911-1943). Æ ном абони хæссуй Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еу.

***Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Гæрр, аци алæмæти дзæбæх дуйней, æгæрон стъалугин арви бунмæ адæмæн уоййасæбæл унгæг æй? Гæрр, аци райдзаст, зæрдæмæдзæугæ æрдзи астæу адæймагмæ фудæнхæ, маст куд гъæуама райгура æма æхе æнгæс цæрдуод фæлдесонти цæгъдун куд райдайа?..»***

## АДÆМ СÆ РÆСТАДÆБÆЛ ИСДЗОРУНГЪОНÆЙ ТУХГИН ÆНЦÆ



***Фиццаг уруссаг революций агъоммæ Цæгат Иристон нимад цудæй хуæдхуæцæг паддзахи Уæрæсей аграрон къабазæбæл. Владикавказ – паддзахи администраций æма тугъдон центртæй еу Кавкази – уæд адтæй промышленность минкъий кæми адтæй, уæхæн минкъий сахар, æдеугурæй фулдæр си адтæй листæг кустуæттæ. Кустонцæ си æдеугурæй 1320 адæймагей бæрцæ. Уонæн ба сæ фулдæр хай фæллойнæ кодтонцæ æфсæнвæндæгти æрмадзи (нури вагæнттæ цалцæггæнæн заводи) æма завод «Алагир»-и (фæстæдæр иссæй агъазиау кустуат «Электроцинк»).***

# СÆ ТОХ АДТÆЙ СÆ РАЙДЗАСТДÆР ИСОНИБОНИ СÆРБÆЛТАУ...



**КОКАЙТИ Саламгери** (1921-2007),
историон наукити кандидат, профессор, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр

***Фиццаг Майи забастовкæ æма демонстрацийæн Владикавкази косæг къласи революцион æзмæлди историй ес устур ахедундзийнадæ. Еци бон иссæй паддзахи хецаудзийнади нихмæ тохи пролетарон дзиллити исразæнгард кæнуни бон, Владикавкази косгути дзиллон æзмæлди бон... Еу загъдæй, сауæнгæ еци æзнæт рæстæгути Фиццаг Май Владикавкази ирдæй равдиста æ пролетарон, фæллойнæгæнæг дзиллити ирисхъи хуæрзагади сæрбæлтау архайди медес.***

Революций æзмæлди райдайæн Владикавкази баст æй 1905 анзи революций хæццæ. В.И. Ленин куд загъта, уотемæй е адтæй «цæхгæр фæззилди пункт Уæрæсей историй». Уомæй «революци ислæудтæй æ къæхтæбæл». Уæхæн аргъ искодта Владимир Ильич пролетариати дзиллон нихмæлæуддзийнадæн паддзахи æма уæди цардарæзти нихмæ.

«Тогниккалди хуцаубон»-и (Кровавое воскресенье» – 1905 анзи 9 январи паддзахи æфсæдтæ топпадзагъдæй ку ниддæрæн кодтонцæ фæллойнæгæнгути æнцад демонстраци – Ред.) Владикавкази косгутæ кæд нæ фезгули 'нцæ, уæддæр сæ зундирахастбæл ба фæббæрæг æй еци æверхъау цау, исæвзурун сæмæ кодта политикон тохи æнкъарæнтæ, исефтонг сæ кодта революцион зундарæзтæй, æма уомæй сæхе равдистонцæ 1905 анзи уалдзæги. Уæд сахари кæрæнтти аразун райдæдтонцæ, сæдæгай адæймæгутæ кæми архайдта, фиццаг уæхæн æмбурдтæ, худтонцæ сæ «майевкитæ».

Уæрæсей косæг дзиллити социалон-демократон партий Владикавкази организаци ниммухур кодта æма сахари рахæлеу кодта листовкитæ В.И. Ленини уац «Фиццаг май»-и хæццæ.

Фиццагмайон забастовкитæ æма демонстрацитæ Владикавкази фиццаг хатт арæзт æрцудæнцæ 1905 анзи. Забастовкæ райдæдтонцæ Резькови бæгæнифицæн заводи косгутæ, æма сæ хъæппæрес рахæлеу æй иннæ кустуæттæбæл дæр. Косгути хæццæ байеу æнцæ службæгæнгутæ, тукæнттæ дæр нæбал кустонцæ. Сахари æндегæй, Арвикоми нади рахесфарс, гъæдæмæ хæстæг, арæзт æрцудæй берæ адæм кæми адтæй, уæхæн æмбурд. Еци дзиллæ изæрæрдæмæ, сурх турусай хæццæ рараст æнцæ сахари дзæхæрадонæмæ (нури фæлладуадзæн парк). Ами байгон æй миттинг. Радзурдтонцæ си социалон-демократтти минæвæрттæ. Уалинмæ фæззиндтæй пъæлицæ æма аллирдæмæ ниххæлеутæ кодта демонстраций архайгути. Еци анз Фиццаг Майи сæ бартæбæл исдзоруни фæндæй исистадæнцæ Садони æрзæткъахæнти косгутæ дæр.

В.А. Бурцеви еумæйаг редакцигонд уруссаг революций къæлиндари Владикавкази фиццаг демонстраций туххæй финст ес уотæ: «1905 анзи революций Фиццаг Май рацудæй гъæугæ хузи, фал базонæн нæ адтæй, уомæй анзи æрдæги фæсте уруссаг царди бундортæ базмæлдзæнæнцæ, зæгъгæ, уой. Берæ рауæнти, кæд устур нæ адтæнцæ, уæддæр арæзт æрцудæй демонстрацитæ: Петербурги, Мæскуй, Харькови, Киеви, Ярославли, Владикавкази, Николаеви, Новороссийски, Екатеринодари (нури Краснодар)…»

Æма гъе уотемæй 1905 анзи Фиццаг Май кæми бæрæггонд æрцудæй, Уæрæсей иннæ сахарти хæццæ адтæй Владикавкази дæр.

Фиццаг Майи забастовкæ æма демонстрацийæн Владикавкази косæг къласи революцион æзмæлди историй ес устур ахедундзийнадæ. Еци бон иссæй паддзахи хецаудзийнади нихмæ тохи пролетарон дзиллити исразæнгард кæнуни бон, Владикавкази косгути дзиллон æзмæлди бон.

Уой фæдбæл В.И. Ленин финста, зæгъгæ, 1905 анзи революций еугур кълæстæ æма партитæ дæр сæхе æргомæй равдистонцæ сæ программитæ æма тактикити хæццæ.

Уотæ адтæй Владикавкази дæр. Фал фиццагмайон забастовкæ адтæй айдагъ сахари косгути æзмæлди райдайæн. 1905 анзи майи ма сахари адтæй къуар забастовки æма демонстраций. «Майи Владикавкази адтæй устур демонстраци, – финста Калаки газеттæй еу. – Архайдта си æртæ мин адæймаги. Е райдæдта сæумæй дæс сахаттебæл, службæгæнгутæ æма косгути устур къуар тукæнттæ исæхгæнун ку байагурдта, уæд. Уони хæццæ байеу æнцæ ахурдзау фæсевæд (студенттæ, курсисткитæ æма берæ æнæуой адæм). Демонстраций архайгутæ иснет кодтонцæ газет «Казбег»-и типографий куст бауорамун. Уони домæнтæмæ гæсгæ сæ куст ниууагътонцæ, гъæунгтæ æма базарæй рандæнцæ бæхтæбæл косгутæ, беретæ си байеу æнцæ демонстрантти хæццæ; къахидарæси æрмадзти дæр куститæ уорæд æрцудæнцæ, æ куст бауорæдта электрон трамвай дæр.

Сæ нимæдзæ еудадзуг фулдæр кæмæн кодта, еци демонстранттæ рараст æнцæ сахари кæронмæ, уоми акционерон компани «Алагир»-æн ци сондони завод адтæй, уой æрдæмæ. Сæ надбæл бауорамун кодтонцæ Маевскийи столярон æрмадзи куст дæр. Уоййадæбæл æрмадзи хецау дамбацайæй æхсун райдæдта. Демонстранттæ имæ балæбурдтонцæ, фал уомæн æ бон раледзун бацæй, æма ин уæд е 'рмадзæ ниппурх кодтонцæ. Завод «Алагир»-и куст уорæд ку 'рцудæй, уæд демонстранттæ сахармæ æздæхун райдæдтонцæ, сæ надбæл æрлæудтæнцæ почти-телеграфи къантори рази, уоми æмбурди радзубанди кодтонцæ цалдæр адæймаги. Аци къанторæй демонстранттæ рараст æнцæ Александровски бульвармæ (нури Сабурдзийнади проспект), æма ма уоми сæ хæццæ байеу æнцæ берæ адæм.

Райдайæнæй кæронмæ демонстрантти фæдбæл цудæнцæ Апшерони полкки æртæ роти, хъазахъаг бæхгин æфсæддонтæ, ирон дивизион, пъæлицæйæгтæ, пъиристæфтæ. Пъæлицæ архайдта, цæмæй демонстранттæ рахæлеу адтайуонцæ. Æфсæдтæ тохæнгæрзтæмæ нæ бавналдтонцæ…»

Терки облæстон жандармти управлений хецау æ уæлдæр хецæуттæн фегъосун кодта уотæ: «6 майи сахар Владикавкази райдæдта службæгæнгути, бæхтæбæл косгути, электрон трамвайти, æхсæнадæ «Алагир»-и бунæттон заводи косгути æма æндæрти еумæйаг забастовкæ… 7 майи забастовкæ идарддæр дæр цудæй, демонстраци нæбал адтæй, æфсæдтæ æма 'й пъæлицæ бауорæдтонцæ».

Революцион тухтæ рæвдзæ ке адтæнцæ æма еудзийнадæ ке равдистонцæ, уомæн нихмæвæрди хузи контрреволюцион тухтæ 8 майи, Владикавкази цæргутæй берети сæ хæццæ ракæнгæй, исаразтонцæ демонстраци, паддзахи къарæ æма национ турусай хæццæ рацудæнцæ сахари сæйраг гъæунгтæбæл, облæсти хецауи хæдзари размæ, æма ами æмбурди цалдæремæй радзубанди кодтонцæ.

Фал аци демонстраци нæ фæллæмæгъдæр кодта, уой размæ, 1-аг майæй 6-аг майи уæнгæ косгутæ æма иннæ революцион тухтæ ци демонстрацитæ исаразтонцæ, уони хъаурæ, медес æма устур ахедундзийнадæ.

Еу загъдæй, сауæнгæ еци æзнæт рæстæгути Фиццаг Май Владикавкази ирдæй равдиста æ пролетарон, фæллойнæгæнæг дзиллити ирисхъи хуæрзагади сæрбæлтау архайди медес.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Цардæнцæ æма адтæнцæ еу бийнонтæ: гъæуагæ нецæмæй æййафтонцæ: адтæй си æгъдаугин зæронд лæг дæр, фал сæмæ æгъдау ба цæмæдæр гæсгæ федар нæ адтæй. Уæд дин еу æхсæви мет ку рауаридæ. Сæумæй зæронд лæг еугуремæй раздæр исистадæй, рацудæй æндæмæ æма уинуй: метбæл фæд.

– А ба цæй фæд æй, мæнæй раздæр ку некема исистадæй? Рандæй фæдбæл æма гъæдæмæ иссудæй. Лæг дестæ кæнуй.

– Айæ ци хабар æй!

Уæд имæ къотæрæй кадæр радзурдта:

– Е мæ фæд æй, уæ хæдзари амонд дæн, æма, уæ ци гъæуй, ци корис, уой мин зæгъæ.

Зæронд лæг уотæ:

– Æз нæхемæ рафæрсон.

Сæхемæ рандæй æма фæрсуй бийнонти:

– Нæ амонд нæ фæрсуй, ци уæ гъæуй, зæгъгæ, æма ци ракорон? Биццеутæ загътонцæ: «Хуар, зæнхæ».

Уæд кæстæр киндзæ дуарæй æрбакастæй æма загъта:

– Æгъдау, уарзондзийнадæ.

Зæронд лæг бацийнæ кодта:

– Гъе, е хуарз загъта: æгъдау, уарзондзийнадæ.

Зæронд лæг раздахтæй гъæдæмæ, сæ амондмæ, æма уæдæй фæстæмæ дзæбæхæй цардæнцæ.

* * *

*Фиццаг Майи бæрæгбони хуæдразмæ арфитæ кæнгæй ба уин нæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй уæ цард федауа æгъдау æма уарзондзийнадæй, æма уæд уи амонд дæр ледзæги нæ кæндзæнæй, тулаваст уодзæнæй сумахæрдæмæ.*



**МАЛИТИ Геуæрги (1886-1942), поэт, æхсæнадон архайæг: «Амонд нæ агурдтай, æндæра й иссирдтайсæ…»**

* * *

Амонд æхецæн дæр æма æ уарзон адæмæн дæр, кæд еске уодуæлдайæй фæхъхъиамæт кодта, уæд уонæн сæ фиццæгтæй еу бæргæ адтæй Малити Геуæрги æхуæдæг дæр. Æма? Æ рæстуодæй хъазауатæй си арфиаг уни бæсти æй цидæр цъаммартæ бабун кодтонцæ… Мах дæр абони бæргæ архайæн амондæй хайгин унбæл, фал царди бозий дæ къохти ку нæ уа, уæд, баруагæс уи уæд, дæ агурдтитæ цийфæнди гъæддух ку уонцæ, уæддæр си неци рауайдзæнæй…



**Михаил ЛЕРМОНТОВ (1814-1841), поэт: «Сайтæнттæ раздæр изæдтæ адтæнцæ…»**

Махмæ ба мадта уотæ кæсуй, æма адæми цард кæмæй арæзт цæуй, еци гъуддæгутæ ке къохти бафтудæнцæ, етæ кæд сæхе изæдтæй æвдистонцæ, уæддæр сæ уодигъæдæй ба сайтангæндтитæ адтæнцæ, æцæг син е 'раргом æй нур, сæ бæлдтæгтæ, гъома, еугурадæмон мулкитæбæл ку фæххуæст æнцæ, уæд. Æма ибилис миутæ æдзæсгонæй кæнунцæ, æгириддæр некæмæй æма нецæмæй æфсæрми кæнгæй.



**Антуан де СЕНТ-ЭКЗЮПЕРИ (1900-1944), французаг тугъдон тæхæг, финсæг: «Дæхе æрмахур искæнун ку бауадзай, уæд дæ бонифæстагмæ кæун багъæудзæнæй…»**

* * *

Нæ ирисхъæ, æвæдзи, уæхæн æй: алли рæстæгути дæр цидæр зæрдæвæрæнти фæрци нин нæ сæризунд нæ «фæтæгтæ» уотæ радзæгъæлтæ кæнунцæ æма æцæгæйдæр æрмахуртæ исуæн, нæ зæрдæмæ цæуа нæ цæуа, уæддæр алцæбæл дæр арази кæнун байдайæн. Уотæ адтæй советон доги дæр, уотæ рауадæй Советон Цæдеси фехæлди фæсте «нæуæг Уæрæсе» аразуни рæстæги дæр. Мæнæ нин нур цæмæй зæрдитæ æвæрунцæ, уонæбæл дæр, кæдимайди ба нин уæддæр етæ фæррæстмæ уиуонцæ, зæгъгæ, бæргæ æууæндæн… Куд фæззæгъунцæ, кæсдзинан æма уиндзинан…

**Номдзуд финсæг Булгаков Михаил Афанасийи фурти райгурдбæл 3 майи æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1891-1940). Еу рæстæги (1919-1921 æнзти) цардæй æма куста Дзæуæгигъæуи.**

*Игъустгонд францызаг финсæг Жозеф ЖУБЕР (1754-1824), фæдзахста: «Цард æй, ка базæронд æй, еци адæймæгутæ сæ ниви бæнттæ кæми рарвистонцæ, æма берæ зундамонæн хабæрттæ кæми базудтонцæ, уæхæн бæстæ. Æма æ царди нæдтæбæл ранæхстæр унмæ ка гъавуй, етæ зæрæндти фæрсæнтæ, кутемæйти сæбæл цæугæ 'й, уомæй...»*



ДЗИРАТИ-ЗОЛОЙТИ Зойæ æхеуæнттихæццæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): æ киндзæ Маринæ (ЛОЛАТИ Барисбий кизгæ), Зойи цардæмбал Омар æма сæ фурт Давид.

# «БОЗ ÆМА СÆРУСТУР АН НÆ УАРЗОН АХУРГÆНÆГÆЙ!..»

***Скъолай ахури æнзтæ нæ еугуремæн дæр æнцæ æнæферонхгæнгæ. Алкæмæн дæр ни æ царди медæгæ ци берæ уарзон адæм ес, зæрдæхцæуæнæй ке фæййимисæн, уони 'хсæн, æнæмæнгæ, устур бунат æхæссунцæ нæ ахургæнгутæ. Уонæн кадæ кæнун æма нимайун ни алке ихæс дæр æй. Уæлдай зæрдиагдæрæй ба нин цитгийнаг æнцæ нæ фиццаг ахургæнгутæ. Уомæн ба Чиколай фиццаг астæуккаг скъолай 1980 анзи рауагъдонтæн, еума хатт уæхæн рæуагæ фæцæй – сæ фиццаг ахургæнæг Дзирати-Золойти Романи кизгæ Зойæн æ цитгин юбилейи фæдбæл райарфæ кæнунæн!..***

* * *



**МАЛИТИ Алетæ:**

– Кæд берæ æнзтæ рацудæй, кæдæй фæндараст загътан скъолайæн уæдæй ардæмæ, кæд нæ сæртæ раги фæххалас æнцæ, кæд ни абони беретæн сæхе цæуæт раги фæцæнцæ скъолатæ æма 'рлæудтæнцæ царди нæдтæбæл, уæддæр абони хузæн гъуди кæнæн фиццаг къласмæ ку бакъахдзæф кодтан, уой. Къласи нæ размæ рацудæй хуæрзконд, рæсугъд дарæси æригон кизгæ, æ медбилти нæмæ фæлмæн бахудтæй æма нин загъта: «Æз уæ ахургæнæг дæн. Базонгæ уæн. Мæ ном хуннуй Зойæ Романовнæ (Золойти кизгæ), нур ба мин сумах дæр зæгъетæ уæ нæмттæ æма уæ муггæгтæ...» Æма байеудагъ æнцæ ахури бæнттæ. Зойæ Романи кизгæ нин над бакъæрт кодта ахуради цæмæдесаг дуйнемæ. Уой фæрци базудтан фиццаг дамугъатæ, уонæй дзурдти хæйттæ æма дзурдтæ аразун, уонæй гъудиæдтæ аразун, кæсун æма финсун, нимæдзитæ кæрæдзебæл æфтаун. Æнцон кæми адтайдæ æригон ахургæнæгæн, фиццаг амундæй ефстæгтæй уæлдай ни ка балæдæридæ æрмæг, фал æмбаргæ ахургæнæг æ къохтæ бунмæ некæд æруагъта, нæ фæттарстæй зинтæй, цал хатти гъæуидæ, уал хатти нæуæгæй райдаидæ амонун... Мадта нин ахид ци дессаги балцитæ исараздæ æрдзи гъæбесмæ, ци хъæбæр сæмæ бæллианæ... Æма 'й абони дæр рæсугъд æнкъарæнти хæццæ уомæн имисæн. Æ рæстæги зундгонд финсæг Лев Толстой уотæ финста: «Ахургæнæг айдагъ æ куст ку уарза, уæд уодзæнæй хуарз ахургæнæг. Ахургæнæг айдагъдæр æ ахуркæнуйнæгти нийййергути уарзтæй ку уарза, уæд е ба никки хуæздæр æй, берæ аллихузи киунугутæ бакæсгæй, нæдæр æ куст, нæдæр ба æ ахуркæнуйнæгти ка уарзуй, уомæй. Ахургæнæг, æновуд ку уа æ кустбæл, уой хæццæ ба ма ку уарза æ ахуркæнуйнæгти, уæд уой ба исхонун æнгъезуй алцæмæй æнхæст ахургæнæг». Æма, æнæмæнгæ, аци курухон финсæги дзурдтæ æнхæстæй хаунцæ Зойæ Романи кизгæмæ.

Хуарзæй цидæриддæр искодта æ ахурдзаутæн, уони нийййергутæн, сæ хæццæ еумæйаг æвзаг ергæй, е устур арфити аккаг æй. Æ куст ин исхонун æнгъезуй – царди ихæс! Царди ихæс – æ цард сувæллæнттæн дæттун! Царди ихæс – æцæг Ахургæнæг ун! Гъе уой туххæй си уæлдай арфиаг ан.

Райдайæн скъола ку фæцан, уæд нæ æ базурти буни бакодта Дамбегти Аслæнбеги кизгæ Таирæ – æригон математики ахургæнæг. Ездон, хуæдæфсармæ, дæсни специалист. Нæ гъуди кæнæн, æма нæбæл ескæд фæззуст кодта, еске зæрдæ ни ести зин загъдæй фæрресун кодта, уой, мадта еци кари сабийтæ æзнæт куд нæ фæуунцæ, фудуаг миутæ куд нæ ракæнунцæ, фал нин сабургай, æнæ æнахъæл гъæрæй, нæ айеппитæ файйамонидæ. Хъæбæр нæбæл аудудта, æ уарзондзийнадæ ин нæхебæл æнкъардтан. Мадта ма нин æ сæрмагонд предметтæй уæлдай, еци зæрдиагæй амудта царди сосæгдзийнадтæ, аллихузи фæззелæнттæ, кæцитæ нин, æнæмæнгæ, изолдæри царди исбæздзæнæнцæ...

Хъæбæр зин æй нæ уарзон ахургæнгутæн арфи аккаг дзурдтæ иссерун, сæ фæллойнæн син аккаг аргъ искæнун, уомæн æма етæ ирæзгæ удти размæ байгон кодтонцæ дуар зонундзийнæдти дуйнемæ, зæрдиагæй архайдтонцæ, цæмæй нæ меддуйне уа гъæздуг, федæни ни рауайа æхсæнади æма бийнонти аккаг адæймæгутæ. Æма уой лæдæргæй, гъæуама мах нæ еугур дæр, ма иронх кæнæн нæ хъазар ахургæнгути, кæцити сораттæ нин нæ царди над Бонвæрнон стъалуй хузæн рохс кæнунцæ. Нæ сæртæй уин ниллæг ковæн!

Зойæ Романи кизгæ! Мах дæ раздæри ахурдзаутæ, зæрдиагæй дин арфæ кæнæн дæ цитгин юбилейи фæдбæл! Мах ди сæрустур æма арфиаг ан... Нæ зæрдæ дин зæгъуй фиццагидæр федар æнæнездзийнадæ, берæ æнзти дæргъи ма зундамонæг æма нифси хуасæ уо дæ рæсугъд бийнонтæн! Дæ кæстæрти рохс цард æма исонибонбæл цийнæ кæнгæй, æнæмастæй цæрæ, дæ зæрдæ макæдбал фæрресæд. Дзирати райдзаст хæдзари фарнæ æма амонд кæддæриддæр цæрæд, Устур Хуцау дин бæркад сугъзæрийнæ тæбæгъти хæссæд!..

* * *



**ДЕДЕГКАТИ Славик:**

– Мæнмæ гæсгæ, тæккæ хуæздæр гъомбæлгæнгутæ 'нцæ айдагъ зонундзийнæдтæ дин ка дæттуй етæ нæ, фал ди адæмаг ка уинуй, етæ. Зойæ Романи кизгæ ни алке удиконд дæр æнхæстæй ке зудта, уомæ гæсгæ ни бантæстæй нæ алкæмæн дæр сæрмагонд над иссерун ахури гъуддаги. Нæ еугур дæр нæхебæл æнкъардтан æ уоди гъарддзийнадæ. Куд нæййес исарази уæн, зундгонд поэт Ченгиз Айтматови сугъзæрийнæ дзурдти хæццæ: «Фиццаг ахургæнæг ун, е айдагъ равзурст дæснийадæ нæй, фал æй æ хъисмæт, устур искурдиадæ, кæций фæрци минкъий адæймаги фæууинуй удгоймаг».

* * *



**ТАМАТИ Майрæн:**

– Æз, Зойæ Романовни къласмæ бацудтæн 2-аг къласи ахурдзау уогæй, æма фиццаг бонæй фæстæмæ мæхебæл банкъардтон æ ауодундзийнадæ, куд нæуæг ахурдзау, уотæ... Цубур рæстæгмæ, ме 'къласонти хæццæ балимæн дæн, æма е, гъай-гъай, ахургæнæги фæрци. Мæ зæрдæмæ хъæбæр цудæй, предметтæ нин куд лæмбунæг амудта, е, æ фæлмæн дзурдигъæдæ, æ медбилти худт нур дæр ма цæститæбæл уайунцæ... Фæстæдæр, цард уотæ рауадæй, æма Зойæ Романи кизгæ æ цард байеу кодта мæ мади 'нсувæр Дзирати Омари хæццæ... Æнæмæнгæ мин æхцæуæн адтæй, фал æй лæдæрдтæн æма архайдтон мæ еугур хъауритæй хуарз ахур кæнунбæл, скъолай ихæслæвæрдтæ æнхæст кæнунбæл, цæмæй ин мæн туххæй къæндзæстуг ма уа... Мах, æ берæ хеуæнттæ, абони арфиаг ан нæ курухон киндзæ Золойти Романи кизгæ Зойæй. Е бакъахдзæф кодта устур бийнонти 'хсæнмæ. Адтæй хестæр киндзæ æма ин бантæстæй нæ кæстæрти дæр раст надбæл æрлæуун кæнун æ раст унаффитæ æма амунддзийнæдти фæрци, нæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ æма фæткитæ цæмæй æнхæст кæнонцæ, уобæл æновудæй архайдта, æма æ къохи бафтудæй. Цалдæр анзей размæ Омар æма Зойæбæл æрцудæй æверхъау цау – мæрдти бæстæмæ цардгъæуагæй банæхстæр æй сæ фурт Сослан. Сæ зæрдитæй еци содзаггаг рист не 'ссудæй, уæдта ин иссæуæн дæр нæййес... Фал курухон нийергутæмæ еци хъаурæ разиндтæй, æма сæхебæл хуæцунцæ, сæ цæстисугтæ сæ кæстæртæй римæхсунцæ, уомæн æма цард æ цуди кой кæнуй, фарнæ хæссуй æ хæццæ...

* * *



**МАЛИТИ Олег:**

– Нæ фиццаг ахургæнæг, Зойæ Романи кизгæ... Уогæ ба ци берæ рæсугъд æнкъарæнтæ баст æнцæ æ хæццæ... Е нæ айдагъ финсун æма кæсунбæл нæ исахур кодта, фал нин бауарзун кодта скъола, архайдта цæмæй æмкъласонти хæццæ лимæнæй цæрæн, коммæгæс уæн... Аци адæймаг нæ изолдæри царди устур бунат нийййахæста, æма си мах гъæуама нæ еугур дæр арфиаг уæн, хуарзæй нин цидæриддæр искодта, уой туххæй.

* * *



**ТАУХЪАЗАХТИ Маирбег:**

– Кæд мин мæ царди ести хуарздзийнæдтæ исæнхæст кæнун бафтудæй мæ къохи, уæд, æнæмæнгæ, мæ уарзон ахургæнæг Зойæ Романи кизги фæрци... Æ фиццаг бонæй ауодæй уод кодта, цæмæй, мах, æ ахуркæнуйнæгтæ, ракæнæн федар къахдзæфтæ ахури надбæл, цæмæй исуæн федæни хуарзæгъдау æма æхсæнадæн аккаг адæм. Æз си абони арфиаг дæн...

* * *



**ТОТОЙТИ Хетæг:**

– Мæ фиццаг ахургæнæгæй сæрустур æма си арфиаг дæн. Уой зæгъун гъæуй, æма фиццаг ахургæнæг нæ алке царди тæккæ устурдæр ахургæнгутæй еу æй. Æ зæрди гъардзийнадæй хайгин адтан нæ еугур дæр. Цард уотæ æрзилдæй, æма Зойæ Романи кизгæ нин ахургæнæг ку адтæй, уæд цубур рæстæги фæсте æ цард байеу кодта нæ синхон Дзирати Омари хæццæ. Æма ма мæнæй æхцæуæндæр кæмæн адтæй, мæ уарзон ахургæнæг мæ синхаг иссæй... Мæ бон федарæй æй зæгъун, æма нæ синхи æгъдаугиндæр æма уездондæр силгоймæгти æмрæнгъæ ислæудтæй. Æ кадæ бæрзондæй-бæрзонддæр кæнуй...






Кермен райгурдæй Хъобани. Æ фидæ Бестолти Мадзу æма æ мадæ Агудзон адтæнцæ хуæнхаг, фæрсаг адæмæй. Еци еунæг биццеуæй æндæр син зæнæгæй неци исæнтæстæй. Тухст цард кодтонцæ, æма Керменбæл дууадæс анзи ку рацудæй, уæд æй равардтонцæ уæлигас Битъати Мурзабегмæ. Е адтæй уæди дзамани æхсаргин, мулкгин лæг. Мурзабег хъæбæр бауарзта Кермени цæрдæг æма æнæзийнадæ ке адтæй, уой туххæй.

Еу бон Хъобани уæлигæстæй Дæллаггъæуи Зеугæрсти зæнгæбæл берæгъ раскъафта уæриккæ. Уæлигæстæн сæ хестæр адтæй Къубалти биццеу. Кермен ба сæ кæстæр адтæй, дууадæсанздзуд. Æма сæмæ дзоруй:

– Цæуæн, берæгъ нин нæ уæрикки хуæруй дæлæ æрхи æма ин æй байсæн.

Уæд сæ хестæр Къубалти биццеу уотæ фæззæгъуй:

– Мадта, мадта, ниццо æма ма дин дæхе дæр бахуæра!

– Бун бауай, – бафедис ин кодта Кермен, – устур лæг ку дæ, хъæма дæмæ ку ес, ду ба си цæмæй тæрсис?

Къубалти биццеу хъæма фелваста æма 'й Керменмæ бадаргъ кæнуй:

– Дæ мади рони 'й бакæнæ, Кермен, айæ дин хъæма, æма 'й ку нæ рамарай!

Керменæн æ къохи хъæма ку бафтудæй, уæд дордзæгати 'рдигæй нигъгъузтæй берæгъмæ, æ фæстаг къæхтæй æй æрахæста æма 'й барæхуста. Берæгъ кæрззилд фæккодта, фæззилдæй æма дзангъирцæстæй фæллæбурдта æ марæгмæ. Фал Кермен Кермен дæр уой туххæй адтæй, æма тухи нихмæ тухгин адтæй. Куддæр цæф берæгъ æ гъæлæс фæххæлеу кодта, уотæ ин е 'фсæртæ райахæста æма ин сæ фæйнердæмæ рафаста.

Раст еци афони æ уæриккитæ бæрæг кæнунмæ бауадæй æма Кермени берæгъ маргæ баййафта Битъати Мурзабег. Изæри фиййæуттæ ку æрæмбурд æнцæ, уæд сæ Мурзабег бакодта Тлаттати хестæр Тотрази размæ. Зæронд Тотразæн Мурзабег радзурдта, Кермен берæгъ куд рамардта, уой. Тотраз фурцийнæй æ уорс закъæбæл æ къох æруагъта, уæдта Кермени æ хъури никкодта.

– Цæрæ дæ мади фæндæуагæ! – загъта е, уæдта фарсæй райста æ рагон хъæма æма 'й балæвар кодта Керменæн.

– Мурзабег, – загъта Тотраз, – фæдзæхсун дин: аци сабийи мин макæд багъолон кæнæ, арфæ ин ракæнæ мæ номæй æ фидæ æма æ мадæн Мадзу æма Агудзонæн, берæгъи царм ба мин мæ уати Кермени лæварæн байтиндзетæ.

* * *

Еуудæхæни Тлаттати фæсевæд адтæнцæ балций. Синдзигъæуи сæрмæ баделиати фæсевæд сæ размæ бабадтæнцæ æма син тох байеудагъ æй. Мурзабегæн æ фиди æнсувæри лæхъуæн Æмзор адтæй Тлаттати фæсевæди хæццæ æма мард фæцæй еци рауæн. Æ тохæндзаумæуттæ байзадæнцæ знаги къохи. Хъæбæр ходуйнаг адтæй уæди дзамани еци дзаумæуттæ ескæмæн ниууадзун. Мурзабег бавзурститæ кодта еу къуар хатти сæ байсун, фал æй нецæмæй исарази кодта æ амонд.

Раст еци рæстæги Керменбæл цудайдæ инсæй анзей бæрцæ. Неке зудта Мурзабег Керменæй сæрæндæр лæхъуæн æма бадзубанди кодта æ хæццæ Æмзори тохæндзаумæутти туххæй.

Кермен исарази æй, æма рандæнцæ дууемæй. Бабадтæнцæ Æмзори марæги размæ, мадта ци, æма ин еухатт æ над ралух кодтонцæ. Тох син байеудагъ æй. Кермен гъавта е 'знаг баделони уодæгасæй ниййахæссунмæ, фал Мурзабег нæбал фæллæудтæй, батагъд кодта æма 'й фехста топпæй. Е дæр ин равардта дзуапп. Мурзабегæн æ бæх фæммард æй. Уæд Кермен баделиони басурдта кардæлвæстæй. Е ледзунбæл исфæндæ 'й, фал æй Кермен æрфестæг кодта æ бæхæй. Лæг адтæй мæлæтдзаг цæф æма имæ Кермен нæбал бавналдта. Раластонцæ ин æ бæх æма æ тохæндзаумæуттæ – топп æма кард!

* * *

Кермен е 'нхæст лæги карæмæ бацудæй зундæй дæр, хъаурæй дæр. Куд ин фулдæр æнтæстæй, æ кадæ фулдæр куд кодта, уой бæрцæ имæ Тлаттати ездон æма хъал фæсевæд соцъайæй мардæнцæ. Уотæ бакой кæниуонцæ: «Нæ хуарз номдзуд Мурзабег нин Агудзони фурти æлдарæн гъомбæл кæнуй! Бестоли фуртæн ци над равардта Мурзабег, е æхе муггаги фæсевæдæн æ цæстæ нæ бауарзта. Цæй æма ин фудæнæн еу зæнхи гæбазæ дæр ма раттæн!»

Хъайсæн æма Майрæмихъо æнсувæртæ адтæнцæ, кæсгон æлдæрттæ Астемурати хуæрифурттæ, Тлаттатæн ба сæ зингæдæртæ.

Еу хатт, Кермен балций ку рандæй, уæхæн дзаман æ нихмæ фудвæндæ искодтонцæ Майрæмихъо æма Хъайсун, æма сæ сосæг фæндæ æнхæст дæр бакодтонцæ. Байурстонцæ зæнхитæ æма си Кермени ном нæ банимадтонцæ. Мурзабег ма кæд дзурдта, Кермен иннетæбæл нимайгæ нæй, банимайун ин гъæуй æ ном, зæгъгæ, уæддæр ин нæ равардтонцæ над.

– Кæд фудвæндаг фæууидæ Кермен, – дзурдтонцæ Тлаттатæ, – надбæл ку æй, кæд æй еске рамаридæ, нæмуг хонхи дæр ку хезуй.

Фал Тлаттати æнамондæн Кермен æрæздахтæй сæрæгасæй æма дзагармæй. Балцæй Кермени æрцуд Хъобани адæмæн адтæй устур бæрæгбони хузæн. Кермен æлдæртти фонс ратардта æма еци фонсæй мæгур адæми кодта хайгин: кæмæн гал лæвардта, кæмæн гъог, кæмæн бæх. Кермен æхе гъæздугдзийнадæмæ нæ тундзтæй, мулк æма гъæздугдзийнадæмæ нæ хицæ кодта, фал мæгур лæги тухстмæ нæ фæразта кæсун, е æй кодта тухсун фуднезау.

Кермени æрæздæхунмæ берæ адæм кастæй æнгъæл. Æ фæллад æруадзун дæр ин нæма бантæстæй, уотемæй тургъæ байдзаг æй адæмæй. Адæм кæрæдземæ уадæнцæ хуæрзæнгорæггаг, Кермен нин дзæбæхæй фæззиндтæй, зæгъгæ. Æрæмбурд æнцæ æма, кæрæдземæн барæ нæ дæтгæй, кодтонцæ Керменæн сæ гъæститæ:

– Фегъустай, Кермен, Тлаттатæ бабæй нин ци бакодтонцæ, уой? Зæнхæ байурстонцæ æма си махæн хай нæ бакодтонцæ. Æма мах исахур ан фудбонтæбæл, æвадуат æма цубуркъохæй цæрунбæл. Фал нæ цæугæ хонх, нæ лæугæ мæсуг, не 'хсæви стъалу, нæ бони Бонвæрнон ду дæ, Кермен, æма нин дæ ном дæр не 'ссирдтонцæ, сæ бон никкалдæй!..

Æрхæндæг кодта Кермен адæми дзубандитæмæ игъосгæй. Хъæбæр мæстгун иссæй. Фæккастæй Хъобани Нихæсмæ æма си бадгæ рауидта Мурзабеги, уой алливарс ба – Тлаттати хестæрти æма кæстæрти. Райста Кермен æ цауæйнон лæдзæг æма рараст æй Нихæсмæ. Æрбалæудтæй Тлаттати размæ. Æма имæ Мурзабег дзоруй:

– Æгас нæмæ цæуай, Кермен! Ци хабæрттæ игъусуй нæ алливарс? Ци ес нæуæгæй? Еститæ нин радзорæ, куд адтæй дæ балци?

Æгъдау равардта Кермен, мадта куд, уæдта уотæ зæгъуй:

– Мæ балцийæй рагъасткæнуйнаг нæ дæн. Нæуæг хабарæй мæнмæ неци ес. Нæуæг хабæрттæ уæхемæ ку ес.

Тлаттатæ балæдæрдтæнцæ Кермени загъд, фал си сибиртт дæр неке искодта. Уæдта Кермен уотæ зæгъуй мæстæйдзагæй:

– Мурзабег, зæнхитæ ку байурстайтæ… Еу морæй си уæдта мæн ном дæр иссирдтайайтæ… Æгирид неци, фал уин уæ марди бони мæрсинтæбæл дæр некæд исхуæстæн? Кенæ уæ финги уæлгъос кæстæреуæг некæд бакодтон? Уæдта мин зæронд мадæ æма фидæ ку ес, уæ астæу лимæнæй ку рарвистонцæ сæ бæнттæ. Куд нæ уæмæ разиндтæй еу ездондзийнадæ? Гъулæг мин æй, уотæ æцæгæлон мæ ке исхудтайтæ, е. Айдагъ мæхе туххæй нæ дзорун, фал æ райгурæн домбай бæнттæ уæ хæдзæртти цома æма лæггадæгæнгæй ка бахарз кодта, уонæмæ дæр уæ зæрдæ ку неци тæрегъæддзийнадæ иссирдта? Мурзабег, арви бунмæ зæнхæ берæ ес, æз мæ хай, Хъобани ку нæ уа, уæддæр ескæми иссердзæнæн. Фал, Тлаттатæ, уæ еугуремæн дæр дзорун, уæхе цæмæй исраст кæндзинайтæ, уæ къохи ци мæгур адæм ес, уони размæ? Етæ, кæстæреуæгкæнгæй, сæ тухгин бæнттæ уæ фæсдуæртти ку батудтонцæ! Мадта син цæмæй дзуапп дæттетæ? Лæг еске гал цæдеси ку ракæнуй, уæд ма уой дæр ку бафсадуй. Сумах адæмæн еци фонси аргъ дæр ку не 'скодтайтæ!.. Е уæмæ раст кæсуй, гормонтæ? Фидæй-фуртмæ æдух кæнетæ уæ буни, æвадуат мæгурæй аразетæ цагъар æма фæсдзæуийнæ. Нæ зонетæ тæрегъæд. Мадта уæмæ æуухæнкæй дæр ци зиннуй? Неци! Кæми 'й уæ ездондзийнадæ?..

Кермен æ лæдзæг зæнхæбæл уотæ хуаста, æма си фæйнердæмæ æрхъезтæ хаудтæй. Мурзабег ма 'й сабур кодта, зæгъгæ, ма тухсæ, Кермен, далæ дин мæхе æрдози рази ратдзинан, фал Кермен нæбал кумдта сабур кæнун:

– Уæ лæвар берæ уæд, Мурзабег, æз мæ хай мæхуæдæг радех кæндзæнæн.

Еци дзубандигæнгæй Кермен æ лæдзæгæй райамудта æма загъта:

– Далæ, Майрæмихъо æхецæн барæвзарæй ци хай равзурста, еци æрдозæ уинетæ, Тлаттатæ? Еци хай кæд æхсарæй уæхе бакодтайдæ, уæд æз дæр æвзарун ме 'хсарæ…

Кермен еци усми адтæй цæф арси хузæн. Æ размæ 'рлæууæнтæ нæ адтæй. Тлаттатæ æргом неци фæразтонцæ Керменмæ исдзорун.

– Майрæмихъо! – дзоруй Кермен, – атæ дæу фæндитæ æма дæу кæстæрти фæндитæ 'нцæ. Исон сумах мæн иссердзинайтæ далæ еци зæнхæ кæнгæй. Сумах хузæн æз мæ фæндитæ сосæггай нæ кæнун.

Уæд Майрæмихъо уотæ бадзоруй:

– Ци нæмæ æвзедæнтæ кæнис, Бестоли фурт? Æнæгъæнæ муггагæй нæ дæ къæхти буни ци кæнис?

– Æвзедæнтæ нæ, – дзуапп равардта Кермен, – фал мæ зæрди ци гъуддаг ес, уой ба еске тæссæй басосæг кæнун мæ зæрди нæй. Дуккаг хатт уин æй зæгъун, хъал Тлаттатæ! Мæн исон иссердзинайтæ далæ еци æрдози дзубури хæццæ. Лæгдæр уи ка 'й, е рацæуæд æма бавзардзинан нæ хъаурæ!

Еци дзурдтæ содзгæ æхседæвти хузæнæй хаудтæнцæ Кермени цъухæй. Кермен еци усми адтæй хъæбæр рæсугъд: æ сæрæй æ къæхти бунмæ калдта цæхæртæ.

* * *

Кермен раздахтæй сæхемæ. Мурзабег байзадæй Нихæси.

– Фегъустайтæ æма фæууидтайтæ, уæ дзурд ке хæццæ 'й, уой? – загъта Мурзабег.– Тлаттатæ, хъæбæр рæдуйетæ, Керменæн аргъ ке нæ кæнетæ, уомæй. Кермен еу нæй, е æнæгъæнæ æфсад æй. Уой нихмæ цæуæнтæ нæййес.

Уæд Майрæмихъо уотæ радзоруй:

– Дæ хуарзæнхæй, Мурзабег, Агудзони фурти нин æлдар кæнис? Æви ин æ идонæ æхе барæ рауадзæн?

– Æ бартæ ин ку нæ дæттайтæ, – дзуапп равардта Мурзабег, – уæддæр уин сæ æхуæдæг нæ ниууадздзæнæй.

6

САНАТИ Уарий уацау «Кермен» аййевгонд æй кинонивæ «Кермен»-æй къартæй. Кермени роли – Уæрæсей адæмон артист УАТАТИ Бибо (1939-2000). Къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй.

***Цæгат Иристони адæмон финсæг ДАУРАТИ Дамир æ уацаутæй еуеми æримиста æ зонгæ лæги уæхæн загъд: «Æз, зонис æй, Дамир, хуйæг дæн æма ахид уотæ рагъуди кæнун: æз мæнæ аци дууæ къохемæй ходтæ кæмæн бахудтон, сæ сæртæбæл сæ ка æрсагъта, етæ æцæгæйдæр нæлгоймæгтæ ку адтайуонцæ, уæд абони нæ Иристон лæггъæуагæ не ’ййафидæ...»***

# КЕРМЕН



5

Хъайсæн мæстгунхузæй исдзоруй Мурзабегмæ:

– Хестæр дæ, фæразун дæмæ дзорун, Мурзабег, фал нæ Агудзони фуртæн æгъдинцойнæбæл хуæцæг кæнис? Æма уæд исон, Кермен ци адæми сæрбæл дзоруй, етæ нæ уæле ку æрбаддзæнæнцæ, æма ни согхæсгутæ æма донхæсгутæ ку искæндзæнæнцæ!

– Нецибал зæгъун æз, – загъта Мурзабег, – æма, æвæдзи, рæдуйун, фал уи еу гъуддаг корун: ма рæдуйетæ, ма тухæ кæнетæ Керменæн.

Еци дзубандитæгæнгæ, Мурзабег исистадæй æ къелайæй æма æфхуæрд хузæй раст æй сæхемæ.

Фæсевæд еунæгæй ку райзадæнцæ, уæд райдæдтонцæ дзорун:

– Мурзабег мæлæти уæлиау нæ кæнуй Кермени!

– Цæмæннæ ’й кæна, цæмæннæ, – дзоруй Мæхæмæт Хъайсæнмæ,

– Нæ мади ’рвадтæлтæ Астемурати нин кæсæги сæ дууæ мæгурæй ниууагътонцæ, се ’ргъæуттæ син фæттардтонцæ. Уой туххæй нин нæ кæсгон мадии ’рвадтæлтæ рагæй лигъстæ кæнунцæ: кенæ нин Мурзабеги, кенæ Кермени нæ къохи бафтуйун кæнетæ. Æма Мурзабег базæронд æй, фал ма нин Кермен ба кумæ ервæздзæнæй? Кæд æма ибæл нæхе бон нæ цæуа, – мах ба ’й кæсæги амæттаг фæккæндзинан. Етæ Кермени рамарун мондагæй цъæх арт ку уадзунцæ…

* * *

Кермен кæд Тлаттати разæй цийфæнди мæстгунæй рацудæй, уæддæр хъæбæр игъæлдзæгæй исæмбалдæй æ адæми хæццæ. Ходгæ, гъазæн дзубандигæнгæй, балæудтæй сæ астæу æма уотæ бадзоруй:

– Гъæйтт, ме ’нсувæртæ, мæ хуæртæ, уæ зинтæн кæрон æрцæуй, Тлаттатæ уин ралæвар кодтонцæ сæ зæнхæн æ тæккæ ахсгиагдæр: дæлæ Майрæмихъой æрдозæ, дехтæ ба уин æй мæхуæдæг кæндзæнæн. Тег, – фæдздзурдта Кермен, базелæ уартæ нæ дзубурмæ, тагъд куд хумæ кæна, уотæ Темурби, ду ба галтæн хуасæ райвæрæ, исон æфсес куд уонцæ, уотæ.

Темурби æма Тег адтæнцæ, минкъийæй уацайрæгтæй ка бахаудтæй Тлаттатæмæ, уæхæнт-



тæ. Лæгигъæдæ æма æхсарæй гъæуагæ нæ адтæнцæ, фал син сæ зинвадуæттæмæ гæсгæ нæдæр се ’хсарæн, нæдæр сæ лæгдзийнадæн аргъ нæ адтæй.

Дуккаг бон, куддæр æрбарохс æй, уотæ рабадтæй Кермен, æ астæубæл æрбабаста Тотрази лæваргонд хъæма æма загъта:

– Мæнæ хъæма, Тотраз дæ фæддардта номи хæццæ, мæн дæр дæ цæстæ ма бауарзæд мæрдтæмæ мæ æнæ номæй барветун.

Уой фæсте Кермен æ ронæ бафтауй æ астæубæл, æ топп æрауиндзуй æ усхъæбæл æма рацæуй æндæмæ.

Кермен æма Тег æрлæудтæнцæ Майрæмихъой æрдози. Кермен дзубур ку æрсадзуй, уæд исковуй:

– Уæ, мæ Исфæлдесæг Хуцау! Абони нæ дзубур хумæ кæнуй фиццаг хатт адæймаги номбæл æма нин æй рæстмæ фæккæнæ! Гъæйдæ, мæ дзубур, дæ ауæдзæ нин фæууæд уæлахези фæдесон!

Уотемæй Кермен радардта æ дзубур Тлаттати Майрæмихъой зæнхæбæл. Хъæбæр рæвдзæ цудæнцæ æфсес галтæ дæр æма нæуæг арæзти дзубур дæр. Тлататтæ ку фæууидтонцæ Бестоли фурти, уæлдайдæр ба Майрæмихъой æрдози, уæд син адтæй арвæй æрхауди хузæн. Рауæлгоммæ ’й сæ дуйней. Майрæмихъомæ æрæмбурд унцæ. Хъайсæн нæбал еруй бунат:

– Уинетæ, Агудзони фурт нæ уодæгасæй байвардта æ дзубури буни. Е ’взедæнтæ æма æ дзубандитæ æнхæст кæнуй: нæ муггаги зæнхæ нин æхецæн заргæй фæлдахуй. Мурзабеги фæндæуагæ фæцан…

Майрæмихъотæн иннæ муггæгтæй сæ уæлгъос æрбалæууæг нæ фæцæй, æма, кæд мæстæй тъæппитæ хаудтæнцæ, уæддæр Кермени нихмæ æхсарæй æрлæуун сæ нифс нæ бахастонцæ. Кермен æ меднимæр дæр ма дес кодта, куд неке си зиннуй, уобæл… Фал Тлаттатæ уæддæр нæ фæззиндтæнцæ æма Кермен рафæлдахта Майрæмихъой æрдозæ.

Зæнхæ фæлдæхт ку фæцæй, уæд Кермен адæмæн фæххабар кодта, зæгъгæ, итауйнаг æрæмбурд кæнетæ æма итаун гъæуй. Адæм æрæмбурд кодтонцæ сæ итауйнаг, кæмæн ци æ къохи æфтудæй, уой æма рацудæнцæ итаунмæ. Еци бон син бантæстæй хуарз бакосун, уомæн æма лæгæй-уосæй тагъд февналдтонцæ. Дессаги рæсугъд адтæй еци бон, арвбæл мегъи тъæпæн нæ зиндтæй. Кермен игъæлдзæгæй адæммæ исдзоруй:

– Арв дæр æма зæнхæ дæр нæ фарс æнцæ. Кæсетæ, куд ходуй бон! Уæд имæ адæмæй кадæртæ уотæ исдзорунцæ:

– Кермен, цæрæ нин, æндæра дæ фæдбæл зиндони артмæ бацæунмæ дæр арази ан.

Кермен исходуй:

– Айбæрцæ адæм зиндони артæй фæййервæзуни туххæй ку ’нцæ!.. Нæ, зиндонæ мах нæ гъæуй, мах гъæуй уæлæбæл дзенет, æма, еузæрдиуон ку уæн, уæд æй ергæ дæр искæндзинан.

* * *

Хъайсæн хъæбæр архайдта Кермени нихмæ. Е дзурдта:

– Кермен айдагъ Майрæмихъоти хай нæ рафæлдахта, е содзун кæнуй устур тар гъæдæ, æма ’й иссодзун ку бафæраза, уæд еци арт рахуссун кæнун нæбал исуодзæнæй нæ бон.

Фал кæд Хъайсæн сор согтæбæл фæтæген калæгау дзурдта, уæддæр нæ фæцæй æ фарсхуæцæг. Уæд Майрæмихъой цæуæт еунæгæй бамбурд æнцæ æма сæхемедæгæ байдæдтонцæ тæрхæнттæ кæнун.

Хъайсæн дзоруй:

– Нæхуæдтæ ин ку неци исаразæн, уæд нин ескæмæ æнгъæлмæ кæсгæ ба нæй. Кæсетæ, не ’рвадæлтæ дæр æма иннæ ездæнттæ дæр сæхе куд нигъгъос кодтонцæ. Уой уотæ лæдæрун гъæуй, зæгъгæ, ци уæ фæндуй, уой кæнетæ, махæй уин æмбал нæййес. Мæнмæ уæхæн фæндæ ес: æзмæнтæг адæм залиаг хелаги хузæн æнцæ, Кермен ба æ сæр æй еци хелагæн… Хелагæ сæрæй марун гъæуй!

Æма исфæндæ кодтонцæ Тлаттати ездæнттæ Кермени Кæсæгмæ, сæ мади ’рвадтæлтæмæ цæуни æвууæнкæй расайун, цæмæй æй уоми рамаронцæ. Æцæг æй ци рæуонæй, кутемæй расайдзæнæнцæ, уой нæ зудтонцæ, фал син фæстагмæ фæцæй уæхæн мадзал дæр.

* * *

Керменæн адтæй уарзон æма адгин æнгарæ – Хъалтурати Сæхмæрза. Е адтæй цауæни æ фурт Алихани хæццæ. Сæхмæрзабæл Гудзидзиуари рази исæмбалдæнцæ кæсгон æлдæрттæ æма ин истонцæ æ тохæнгæрзтæ. Хъалтури-фурт Сæхмæрза топп агъодæй æнхæст æй фæххецæн кодта, уотемæй æй ефтигъдæй дæттуй æлдармæ æма имæ дзоруй:

– Айæ дин, æлдар, æнæиронх лæвар Хъалтури-фуртæй! – æхуæдæг топп æркъæпп ласуй, гæрах фæццæуй, æма мард фæуууй кæсгон æлдар.

Хъалтури-фуртæн рамарунцæ æхе дæр, æ фурт Алихан финддæсанздзуд, уой райстонцæ уацари.

Сæхмæрза адтæй Баймætати хуæрифурт, Бестоли фурт Кермен ба адтæй Баймæтатæн сæ сиахс – Баймæтати Баймæти кизгæ Госæгъа адтæй Керменæн курд.

Хъæбæр сагъæс кодтонцæ Кермен дæр æма Госæгъа дæр Алихани фæййервæзун кæнунбæл. Берæ сæбæл нæ рацудæй, Алихани кой кæд нæ ракодтонцæ, уæхæн бæнттæ. Уотæ загъта Госæгъа:

– Сæхмæрза лæг адтæй æма лæги мард ракодта, фал ма минкъий ирæзгæ Алихан еци фудзæрдæ тогцъух æлдæртти къохи цагъарæй, фуддомдæй, æ адзал ку иссера, уæд ми мæрдтæмæ неци бахъæртдзæнæй. Е мæ ку нæ тухсун кæнидæ, уæд мæхецæй амондгундæр еугур дуйнебæл дæр неке хонинæ, – æма, еци дзубандитæ кæнгæй, Госæгъа кæдзосзæрдæй бакастæй Кермени цæститæмæ.

– Фæййервæзун æй кæндзинан, – загъта Кермен, – мæнæн Кæсæги ес еу лимæн. Е се ’лдæрттæй нæй, фæрсаг лæг æй, æ ном Хаджи-Паго. Хъæбæр æхсаргин æма æвууæнкгун æй. Е мин зæрдитæ æвæруй, æма, кæд Хуцау зæгъа, уæд тагъд фæййервæздзæнæй Алихан.

* * *

Кæсæги еу æмбурди исæмбалдæнцæ Хъайсæни кæстæр æнсувæр Мæхæмæт æма Керменæн æ лимæн Хаджи-Паго. Хаджи-Паго ку базудта, Мæхæмæт хъобайнаг æй, Тлаттатæй, уæд æй фæрсун байдæдта Кермени туххæй зæрдиагæй. Мæхæмæт ин хæстæги дзуæппитæ дæттуй, цума син Кермени хæццæ еу хæдонæ дæр урух æй, кæрæдзебæл цума алæмæти æхцул æнцæ, уотæ.

– Куд æй зæронд Мурзабег ба? Сæрæгас ма ’й? Æвгъау адтæй базæрондæн. Мурзабеги хæццæ ба куд хæстæг айтæ фидтæлти ’рдигæй? – бафарста Хаджи-Паго.

– Дууæ æнсувæрей цæуæт ан, – дзуапп равардта Мæхæмæт.

– Æз æнгъæл дæн, мадта, – загъта Хаджи-Паго, – æма мин мæ хъуæцæгæнагæ къум исамондгун кæндзæнæ: фусун дин уодзæнæн зæрдиагæй. Исаккаг кæнæ мæ хæдзарæмæ, иссерæ Мурзабег æма Кермени ном, кенæ ба ми Кермен гъаст кæндзæнæй.

***(Уодзæнæй ма)***

**Номдзуд композитор, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Карницкая Нинæ Андрейи кизги райгурдбæл 5 майи æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1906-1983).**

*Федор ГААЗ (1780-1833), российский врач, филантроп: «Самый верный путь к счастью не в желании быть счастливым, а в том, чтобы делать других счастливыми. Для этого нужно внимать нуждам людей, заботиться о них, не бояться труда, помогая им советом и делом, словом, любить их...»*



# ЖАДНОСТЬ ВМЕСТО ЗАБОТЫ

## ПОЧЕМУ ГОСУДАРСТВО ОТДАЛО ЦЕНЫ НА ОТКУП НЕДОБРОСОВЕСТНЫМ ПРОДАВЦАМ?



Изображение сгенерировано нейросетью

**В России зафиксирован очередной рекорд по тратам граждан на продукты первой необходимости.**

Тридцать пять лет в России неумолимо ползет вверх стрелка цен на продукты – и кажется, что у этого роста нет ни предела, ни тормозов. Еще вчера хлеб стоил тридцать рублей, а сегодня уже за пятьдесят; килограмм гречки, который когда-то спокойно вписывался в семейный бюджет, теперь бьет по карману, как серьезная статья расходов; молоко, яйца, растительное масло – все, без чего невозможно представить ежедневный рацион, дорожает так стремительно, что люди с фиксированными доходами просто перестают понимать, как сводить концы с концами. По данным Росстата, в начале 2026 года россияне тратили на еду 39,1% своих доходов – это самый высокий показатель за 18 лет, и за этой сухой статистикой стоят реальные судьбы.

Представьте себе пенсионерку Анну Васильевну из небольшого городка в Центральной России. Ее пенсия – 18 тысяч рублей. Из них почти 8 тысяч теперь уходит только на продукты: самые простые, самые необходимые. Она давно отказалась от мяса – слишком дорого. Рыба? Только по большим праздникам. Фрукты? Разве что яблоки по акции, да и то не каждый месяц. В магазине Анна Васильевна подолгу стоит у полок, сравнивает цены, ищет самое дешевое, складывает в уме суммы, чтобы не выйти за лимит. Иногда приходится оставлять что-то на кассе – денег не хватает даже на минимальный набор. «Раньше я могла купить все, что нужно, и еще оставалось на маленький подарок внукам, – вздыхает она. – А теперь я считаю каждую буханку, каждую пачку молока. Это не жизнь, а выживание». Ей приходится ездить на другой конец города, где есть дешевый рынок, вставать пораньше, чтобы успеть на утренние скидки, а потом долго идти пешком – проезд в общественном транспорте тоже подорожал, и на него теперь нужно выделять отдельную статью расходов.

Или возьмем семью с двумя детьми в областном центре: папа работает водителем, мама – библиотекарь. Их общий доход – 50 тысяч рублей. Еще пару лет назад этих денег хватало на скромную, но достойную жизнь: продукты, одежда, иногда поход в кино. Теперь же на одни продукты уходит больше половины средств, и это без излишеств – только крупы, макароны, картошка, самый дешевый сыр, изредка курица. О свежих овощах зимой и не мечтают, о ягодах и орехах – тем более. Родители все чаще отказываются от чего-то в пользу детей, недоедают сами, чтобы те были сыты. Старшая дочь, ученица пятого класса, стесняется, что не может принести угощение на день рождения одноклассника, а младший сын уже научился просить поменьше сладостей – понимает, что это лишние траты.

А почему так происходит? Часто причина не в объективных экономических процессах, а в банальной жадности. Крупные торговые сети, видя, что спрос на продукты первой необходимости не падает даже при росте цен, беззастенчиво поднимают ценники – «а вдруг купят?». Производители, пользуясь ситуацией, закладывают в стоимость товара не реальные затраты, а максимальную прибыль, которую можно выжать из потребителя. Посредники на каждом этапе цепочки «производитель – магазин» добавляют свою наценку, и в итоге конечный покупатель платит в разы больше, чем стоили бы производство и доставка. Да, есть и объективные факторы – логистика, сезонность, курс валюты, – но они лишь прикрывают главную проблему: желание заработать на самом насущном, на том, без чего человек просто не может жить.

Проблему мог бы решить жесткий государственный контроль цен на товары первой необходимости и базовые услуги – такой механизм успешно применялся в разные периоды истории и в разных странах для защиты наиболее уязвимых слоев населения. Четкие лимиты наценки, прозрачные механизмы формирования стоимости, ограничения на маржу по социально значимым позициям могли бы остановить безудержный рост цен и вернуть людям уверенность в завтрашнем дне. Государство могло бы установить предельные розничные цены на хлеб, молоко, яйца, крупы, овощи «борщевого набора», а также зафиксировать тарифы ЖКХ на приемлемом уровне – с обязательной отчетностью компаний о реальных затратах.

Но вместо этого государство фактически отстранилось от проблемы, отдав все на усмотрение продавцов и монополистов. Регуляторные механизмы работают слабо, антимонопольные проверки носят эпизодический характер, а штрафы за злоупотребления не сдерживают аппетиты крупных игроков рынка. В результате торговые сети и производители чувствуют себя практически безнаказанно: зная, что альтернативы у людей нет (ведь есть нужно каждый день), они продолжают накручивать цены, прикрываясь общими фразами об «инфляции» и «затратах».

Ситуация усугубляется тем, что параллельно дорожают и сопутствующие товары: бытовая химия, средства гигиены, коммунальные услуги. Семья, которая и так вынуждена экономить на еде, теперь еще и выбирает, что отключить – отопление или горячую воду, какой стиральный порошок купить – тот, что получше, или самый дешевый, который едва отстирывает пятна. В итоге экономия на всем приводит к ухудшению качества жизни в целом: люди реже обращаются к врачам, откладывают покупку необходимой одежды, отказываются от профилактических обследований – все ради того, чтобы хватило на хлеб и картошку.

Особенно тяжело приходится жителям отдаленных районов и сельской местности. Там цены на продукты зачастую еще выше из-за транспортных издержек, а доходы – ниже. Пожилой фермер Иван Петрович из Саратовской области рассказывает: «У меня свое хозяйство, но даже мне приходится покупать муку, сахар, соль. А цены такие, что порой думаешь: может, и муку самому молоть научиться? Раньше я мог продать излишки овощей на рынке и на эти деньги купить все необходимое. Теперь покупатели приходят все реже – у всех кошельки похудели. Получается замкнутый круг: мы, производители, тоже вынуждены поднимать цены, потому что сами платим больше за ГСМ, удобрения, запчасти для техники».

Многие пересматривают свои потребительские привычки: вместо свежих овощей и фруктов покупают консервированные или замороженные – они дешевле, но содержат больше соли, сахара и консервантов. Вместо нежирной говядины или рыбы на столе все чаще появляется дешевая колбаса с высоким содержанием жиров и пищевых добавок, а вместо натуральных молочных продуктов – творожные и сырные продукты с растительными жирами. Родители стараются накормить детей, но вынуждены заменять полезные продукты более доступными аналогами: вместо куриной грудки – субпродукты, вместо свежих ягод – сладкие соки с сомнительным составом, вместо цельнозернового хлеба – самый дешевый белый.

Все больше людей обращаются за помощью в благотворительные организации и социальные столовые. В крупных городах значительное количество пенсионеров и малоимущих семей приходит за бесплатными обедами или продуктовыми наборами. Волонтерские инициативы по сбору продуктов для нуждающихся набирают обороты: в соцсетях создаются группы взаимопомощи, где соседи делятся излишками урожая с дачных участков, предлагают недорогие излишки продуктов или помогают с доставкой пожилым людям.

Некоторые семьи уже не живут – они выживают, скрупулезно пересчитывая каждую копейку и отказывая себе во всем, что когда-то считалось нормой. Они отказываются от всего – развлечения стали непозволительной роскошью. Сокращают траты на мобильную связь и интернет, ограничивая себя в доступе к информации и общению. Откладывают покупку необходимой одежды и обуви до лучших времен, а порой донашивают вещи до дыр. Отменяются поездки к родственникам в другие города – на билеты просто нет денег. Резко сокращается число посещений культурных мероприятий: театр, кино, выставки остаются в далеком прошлом. Откладываются планы по ремонту жилья – даже мелкие бытовые проблемы копятся, превращаясь в серьезные неудобства.

Дети растут, а родители вынуждены экономить на их развитии: меньше денег тратится на кружки и секции, на учебные пособия и дополнительные занятия. Юные таланты не могут раскрыть свой потенциал из-за отсутствия возможности заниматься с репетиторами или посещать специализированные школы. Подростки видят, как родители из последних сил пытаются свести концы с концами, и сами начинают чувствовать вину за любые просьбы о чем-то новом – будь то спортивная форма или учебник.

Но все эти меры – лишь временные костыли, жалкие заплатки на расползающейся ткани повседневной жизни. Они помогают продержаться месяц-другой, кое-как перетерпеть очередной скачок цен, но не решают проблему в корне. Люди не должны жить в режиме постоянной экономии, выбирая между теплом в доме и полноценным питанием, между лечением и продуктами первой необходимости. Не должны высчитывать, хватит ли пенсии на лекарства и хлеб, не должны решать, что сегодня оставить без оплаты – отопление или счет за электричество.

Общество имеет право на стабильность, а базовые потребности людей – на доступность. Но пока гонка цен продолжается, каждый новый месяц приносит новые испытания для семейного бюджета. Миллионы россиян не строят планы на будущее – они лишь пытаются дотянуть до следующей зарплаты или пенсии. Не живут – выживают. И это не временная трудность, а устойчивая реальность, которая день за днем подтачивает веру в завтрашний день и лишает людей самого главного – ощущения достойной, полноценной жизни.

Параллельно с продуктами неумолимо растут цены на услуги ЖКХ, вывоз мусора и другие обязательные платежи – и это бьет по семейному бюджету не менее болезненно. Квартплата, отопление, горячая и холодная вода, электричество, газоснабжение, вывоз твердых коммунальных отходов – каждая строчка в платежке за последний год прибавила 10–25%, а в отдельных регионах рост достигает и 30%.

При этом обоснование таких повышений зачастую остается загадкой для обычных граждан.

8

**Всемирный день свободы печати 3 мая отмечает и Всемирный день лабиринта. Это что – намек? Это своей свободой печать заводит нас во всякого рода лабиринты?**

*Сел перед зеркалом, чтобы встретиться с прекрасным.*
☺☺☺
*Жене не врешь, а это значит – ты нервы ей бережешь.*

*Был кризис – толпы безработных скупали золото, меха...*
☺☺☺
*Он неплохое впечатление оставлял своим уходом.*

**БÆРÆГБОН ИСФЕДАУЙ ХОНÆГИ ЗАГЪДÆЙ: «ДÆ ЗÆРДТАГОНТИ ДÆР НÆМÆ РАКÆНÆ!..»**



# БÆРÆГБОНИ ЗÆРÆНДТÆ ДÆР ИСНÆУÆГ УНЦÆ!..

***Нæ рагфидтæлтæ уотæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ. Бæрæгбон зæрдæхцæуæн æма цийнæхæссæг ку уа, уæд, æнæмæнгæ, исуй хуæрзгæнæги хузæн. Уогæ нури рæстæги бæрæгбæнттæй кæцидæрти ахедундзийнадæ уотæ алкæд нæ рауайуй: кæмæндæр цийнаг фæууй, кæмæндæр ба... Сумахæн ба? Уой исбæлвурд кæнунæн уин, ка 'й зонуй, фæййагъаз уодзæнæнцæ, мæнæ абони ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæбæл æргомзæрдæй ку радтайтæ дзуæппитæ, уæд...***

**1. Бæрæгбони дин сæйрагдæр ци æй?**

а) Дæ уарзон æма хеуон адæймæгутæн ести лæвæрттæ ракæнун (3);

б) Фадуат дин фæууй де 'мгæртти хæццæ дæхе ерхæфсунæн (2);

в) Дæхецæн дин еске æхцæуæн лæвар ку ракæна (1).

**2. Бæрæгбæнттæ аразун дæ зæрдæмæ хъæбæрдæр цæуй:**

а) Зæрдæн æхцæуæн ке фæууинд фæууй, уони мæхе хæдзарæмæ æрбахонун (3);

б) Ескæми иуазæгуати ун, æнæзонгæ адæм си ку уа, уæддæр (2);

в) Мæхе хæдзари, уой дæр – æнæ иуазгутæй (1).

**3. Бæрæгбони дæ зæрдæмæ ци нæ цæуй æма цæмæй истухсис?**

а) Бæрæгбонмæ хе цæттæ кæнун: тукæнттæбæл рауайæбауайæ, салаттæ кæрдун æма æндæр хуæруйнæгтæ цæттæ кæнун (0);

б) Бæрæгбони фæсте тæбæгътæ æхснун, æфснайун (1);

в) Æгæр тагъд ке фæууй бæрæгбони рæстæг (3).

**4. Иуазæгуати дæбæл берæ рацæуй?**

а) Иннети хæццæ рацæун уордигæй (3);

б) Уобæл нæ фæссагъæс кæнун, æхсæвеуатæй дæр си хаттæй-хатт байзайун (1);

в) Афойнадæбæл рандæ ун, цæмæй ми хæдзари хецæуттæ ма исгъигæ уонцæ (0).

**5. Дæ бон æй игъæлдзæг ун?**

а) Æцæг, мæ хуарз кеми ку фæуун, уæд (1);

б) Мæ игъæлдзæгдзийнадæ мин неке бон æй бахъор кæнун (3);

в) Мæ бон цæйбæрцæ фæууй, уомæй фæййархайун, цæмæй маке бахъор кæнон (2).

* * *

**Нур ба хатдзæгтæ искæнæн. Ци дзуæппитæ равзурстай, уони фарсмæ къæлæтти ци баллтæ амунд ес, уони банимайæ.**

**0-5 балли**

Бæрæгбæнттæбæл дæ къох исесæ дæ царди.

Æртæрегъæд кæнун дин æнгъезуй... Дæ æнæуой бæнттæ дæ бæрæгбæнттæй нецæмæй хецæн кæнунцæ. Дæ хæдзарæмæ иуазгутæ æрбахонæ æма син бæрæгбон исаразæ. Дæ къохи бафтуйдзæнæй дæхецæн дæр æма дæ иуазгутæн дæр æхцæуæндзийнадæ исаразун.

**6-10 балли**

Бæрæгбон дæ зæрди æхцæуæнæй байзайуй.

Къæлиндари цал «сурх бони» ес, уал бæрæгбони ес дæ царди. Сæ разæй æма сæ фæсте бæнттæ дин уоййасæбæл тухстагæй неци æрхæссунцæ.

**11-15 балли**

Алли бон дæр дин – бæрæгбон!

Ду алкæддæр де 'мбæлттæн цирагъау рохсдæттæг дæ. Дæ сæйрагдæр мæтæ 'й, кумæ исаккаг кæндзæнæ фæццæунмæ. Бæрæгбонмæ æнгъæлмæ кæсуни сæр дæ нæ гъæуй. Дæ бон æй хумæтæг бонæй дæр бæрæгбон исаразун.

**НЕ ПРИХОДИТСЯ ЖДАТЬ БЛАГОДЕЯНИЙ ОТ ТЕХ, КТО И НЕ НАМЕРЕН СОВЕРШАТЬ ИХ ДЛЯ ЛЮДЕЙ...**

# ЖАДНОСТЬ ВМЕСТО ЗАБОТЫ

Официальные сообщения ссылаются на «индексацию в соответствии с инфляцией», «рост затрат на обслуживание инфраструктуры», «удорожание топлива и энергоресурсов», но детали расчетов скрыты за сложными формулами и отраслевой терминологией. Люди видят, что трубы в их доме не менялись десятилетиями, качество услуг не улучшается, а порой даже ухудшается – то напор воды слабый, то отопление дают с опозданием, то мусор неделями не вывозят, – но платежки все равно приходят с новыми, более высокими цифрами.

Особенно возмущает контраст: в то время как домохозяйства урезают расходы на питание и одежду, компании, предоставляющие коммунальные услуги, отчитываются о рекордных прибылях и выплачивают многомиллионные бонусы топ-менеджерам. Пенсионеры, получающие фиксированную пенсию, оказываются в ловушке: их доходы не индексируются так же быстро, как тарифы, и каждый новый платежный документ становится настоящим шоком. «Раньше квартплата съедала четверть пенсии, а теперь уже почти половину, – говорит 72-летний Николай Иванович из Рязани. – И что дальше? Жить на улице, чтобы хватало на еду?»

Такая ситуация создает дополнительное давление на и без того скудный семейный бюджет. Деньги, которые могли бы пойти на лечение, образование детей, покупку теплой одежды к зиме или хотя бы на скромный отдых раз в год, теперь уходят на оплату все более дорогих коммунальных услуг. Рост тарифов на ЖКХ и вывоз мусора не просто усугубляет финансовое положение граждан – он лишает их чувства стабильности и уверенности в завтрашнем дне. Когда одновременно дорожают и хлеб на столе, и тепло в доме, люди начинают ощущать себя заложниками системы, в которой их интересы явно не на первом месте.

Рост цен на продукты первой необходимости – это не просто экономическая статистика, это удар по достоинству, по чувству безопасности, по вере в справедливость. Когда хлеб, молоко и картошка становятся роскошью, это тревожный сигнал: система дала сбой, и пора принимать решительные меры, чтобы остановить эту безумную гонку цен, которая уже четверть века идет только вверх и не думает замедляться. Люди не должны жить в постоянном страхе перед новым подорожанием, не должны выбирать, что сегодня будет на столе – каша или лекарство. Иначе мы рискуем потерять не только экономическое благополучие, но и социальную сплоченность, ту самую связь между поколениями и людьми, которая держится на простом человеческом тепле и уверенности в завтрашнем дне.

*Евгений ФЕДОРИНОВ*
*Газета «Советская Россия» от 24.04.2026 г.*

**ЦИТГИН МАДЗАЛ**




## Æ ЗÆРДИ КАТАЙ НИ ИРОНХ МА КÆНÆД...

*Æ цалх историйæн тундзуй*
*Размæ æности æвæллад.*
*Дзиллæн е 'хсарæй лæгæрдуй*
*Тарæй и рохсмæ урух над.*

*Уобæл дуйнейæн æ къумтæй*
*Адæм цæунцæ цардагор.*
*Уоми уæларвæй æ тунтæй*
*Тавуй æхседгæ зæрин хор.*

Уотæ финста е 'мдзæвгæ «Цалх»-и искурдиадæгин поэт Бузойти Кермен. Гъулæггагæн, еци цалх Кермени ирисхъæбæл æверхъауæй базилдæй – цардбæллон лæхъуæн Устур Фидибæстон тугъди будурæй нæбал исæмбалдæй æ фидиуæзæгбæл, бастъалдæй тугъди содзгæ-цæфсгæ гарнай.

Фал нин æ фæсте уæддæр байзадæнцæ æ финст уадзимистæ. Æмдзæвгитæ финсун байдæдта, скъолай ма ку ахур кодта, уæд. Æригон поэти æмдзæвгитæ мухургонд цудæнцæ уæди мухури фæрæзнити. Уогæ айдагъ æмдзæвгитæ нæ финста, фал ма хузæ кæнунмæ дæр хуарз арæхстæй.

Æ уадзимистæй гъæуайгонд ка 'рцудæй, уонæй кæцидæртæ мухургонд цудæнцæ газетти, журналти еумæйаг киунугути. Æрæги ба ин уагъд æрцудæнцæ хецæн киунугæй – уобæл хъæбæр æновудæй байархайдта æ кæстæр æнсувæр Артем.

Бузойти Кермени уадзимисти æмбурдгонд «Мæ зæрди катай»-и рацуди фæдбæл сæрмагонд мадзал 7 майи арæзт æрцæудзæнæй Дзæуæгигъæуи Наукон киунугæдони. Хъæбæр хуарз уодзæнæй дзиллонæй си ку бамбурд уæн. Киунугæ «Мæ зæрди катай», зæгъгæ, ке хуннуй, уомæ гæсгæ ма уой зæгъуйнаг дæр ан, æма ни еци цардбæллон лæхъуæни зæрди катай иронх ма кæнæд, æ рохс ном ин имисунæй ихæсгин ан.

Мадзал райдайдзæнæй фæсарæфтæ дууæ сахаттебæл.

***ХÆМИЦАТИ Маринæ***

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730.** Заказ **№ 868.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.04.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 29.04.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**